

NeMutungamiri
Thomas S. Monson



Nyarara, Ugadzikane

Rimwe zuva makore mashoma akapfuura, mushure mokunge ndaita mabasa aida kuitwa kuhofisi, ndakanzwa femero yakasimba kuti ndishanyire shirikadzi yakanga yakwegura iyo yaivamurerwe panzvimbo inochengetwa vakwegura muSalt Lake City. Ndakachaira motokari kuenda ikoko pakarepo.

Pandakaenda kumupanda wake, ndakawana musina munhu. Ndakabvunza mumwe mushandi wapo maererano nekwaaiwa uye ndikairwa kuenda kunzvimbo yokutandarira. Ikoko ndakawana shirikadzi yakanaka iyi ichishanyirana nemunin'ina wayo uye neimwe shamwari yayo. Takava nehurukuro yakanakisa pamwechete.

Apo pataitaura, mumwe murume akauya kumukova wemupanda kuti azotenga chokunwa kubva mumushini unotengeserwa zvokunwa. Akanditarisa akati, “Ko, ndiwe Tom Monson.”

“Hongu,” Ndakapindura. “Uye iwe wakafanana nevmhuri yekwa Hemingway.”

Akataura kuti akanga ari Stephen Hemingway, mwana komana waAlfred Eugene Hemingway, uyo akanga ashanda semutevedzeri wangu pandaiva bhishopi makore mazhinji akapfuura uye uyo wandaidaidza kuti Gene. Stephen akandiudza kuti baba vake vakanga varimo munzvimbo imwechete uye vakanga vava pedyo nekufa. Gene akanga achindidaidza, uye mhuri yavo yaida kundiwana asi vakanga vatadza kuwana nhamba yerunhare rwangu.

Ndakaoneka pakarepo ndokubva ndaenda naStephen kumupanda weuyo waimbova mutevedzeri wangu, umo vamwe vevana vake mavakanga vakaunganawo, mudzimai wake akange ashaya makore akange apfuura. Nhengo dzemhuri idzi dzakaona kusangana kwangu naStephen munzvimbo yokutandarira semhinduro yaBaba vedu Vokudenga kuchido chavo chikuru chokuti ndione baba vavo vasati vafa uye ndipindure daidzo yavo. Ini ndakanzwawo kuti izvi zvaiva chokwadi, nokuti dai Stephen asina kupinda mumupanda mandaiva ndichishanya ndiri panguva iyoyo chaiyo yaakapinda, ndingadai ndisina kumboziva kuti Gene aiva munzvimbo iyi.

Takamupa ropafadzo. Mweya werunyararo wakavapo. Takava nekushanyirana kwakanaka, mushure ndikasisimuka ndoenda.

Mangwanani akatevera runhare rwakauya kuti Gene Hemingway akanga ashaya — maminetsi makumi maviri chete mushure mokutambira ropafadzo kubva kumwanakomana wake neni.

Ndakapa munamoto chinayarire wekutenda kuna Baba Vokudenga nefemero Yavo inotungamirira, iyo yakakurudzira kushanya kwangu kunzvimbo iyi inochengetwa vakwegura uye yakanditungamirira kumudikani shamwari yangu Alfred Eugene Hemingway.

Ndinoda kufunga kuti pfungwa dzaGene Hemingway manheru iwayo — apo patakanakirwa zvokunwa nekuvapo kweMweya, tikatora chinhanho mumunamoto

wakaninipa, uye tikataura ropafadzao rehupirisita — akadzokorora manzwi akataurwa murwiyo “Master, the Tempest Is Raging”:

*Rambai Muriipo, O Mununuri wakaropafadzwa!
Musandisiya ndoga zvakare,
Uye nerufaro ndichasvika kumagumo egungwa
kwakaropafadzwa
Ndigozorora pamahombekombe akanakisa.*

Ndichiri kuda rumbo irworwo uye ndinopupura kurunyararo rwarunounza:

*Kunyangwe hasha dzematutu emhepo emugungwa
Kana madhimoni kana vanhu kana chingava chii
zvacho,
Hapana mvura dzinokwanisa kunyudza ngarava
paimire
Tenzi wegungwa nepasi nematenga.
Vese vachateerera zvakana kana kuchido chenyu:
Nyarara, ugadzikane.¹*

Nemumisodzi nezviyedzo, nemukutya nekusuwa, nemukurwadziwa pamwoyo nokusurukirwa kwekushayikirwa nevadikani, kune vimbiso yokuti upenyu hahuna mugumo. Ishe neMuponesi wedu ndiye uchapupu hunorarama hwekuti izvi ndizvo zvazviri. Manzwi ake mumurairo mutsvene wakanyorwa akakwana: “Nyararai, muzive kuti ndini Mwari” Mapisarema 46:10). Ndinopupura kuchokwadi ichi.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “Master, the Tempest Is Raging,” *Hymns*, no. 105.
2. Ona Richard L. Evans, “So Let Us Live to Live Forever,” *New Era*, Chikunguru 1971, 18.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Shoko rino rinokwanisa kunyaradza avo vakarasikirwa nevadikani kurufu kana avo vari kutambudzika nechiedzo. Kuwedzera kushoko reMutungamiri Monson, funga kugovera chimwe chezvinyorwa zvitsvene zvinotevera, maererano nezvidikanwi zveavo vamunodzidzisa: Jobo 19:25–26; 1 Vakorinte 15:19–22;

Mosaya 24:13–15; Dzidziso neZvibvumirano 122:7–9. Kana wakurudzirwa, ungangopupura nezve runyararo urwo Muponesi rwavakakupa muzviyedzo zvako.

VECHIDIKI

Ndapota Poresai Mwoyo Wangu

NaKelsey LeDoux

Paanivhesari yerufu rwemukoma wangu, ndakafu-ngisisa nezve upenyu hwangu kubvira paakafa. Ndakarangarira kwete chete kurwadziwa kukuru kwandakanzwa asiwo maropafadzo Mwari aVakandipa.

Handina kumbonzwisisa kuti sei vanhu vangati rufu rwemudikanwi runokwanisa kuunza maropafadzo. Handina kukwanisa kunzwisisa kuti ndaigona sei kuva nerufaro nekutenda nechinhu chaindirwadza zvaka-dzama kudaro. Pakava nemamwe manheru, zvisinei, akashandura manzwisisiro angu zvachose.

Ndakamuka pakati peusiku ndichiremerwa zvikuru pamwoyo zvandakanga ndisati ndamboita. Kurwadziwa uku kwainditadzisa kufema. Ndakawira pasi nemabvi angu ndikawuwura munamato kuna Baba vangu Vokudenga. Upenyu hwangu hwese ndakanga ndadzidziswa pamusoro peRudzikinuro uye simba rokuponesa rinoshamisa raJesu Kristu. Zvino rutendo rwangu rwakanga rwava kuedzwa. Ndaibvuma zvechokwadi here? Ndakakumbira Baba vangu Vokudenga kuti vaporese mwoyo wangu. Kurwadziwa uku kwakanga kwakanyanyisa kuti nditarisane nako ndonga.

Zvino kunzwa kwerunyararo, nyaradzo, nerudo kwakapinda nemumuviri wangu wose. Ndakanzwa sokunge Mwari Vakanga Vandimbundira nemaoko Avo uye Vachindidzimirira kubva kukurwadziwa kukuru kwandainzwa uku. Ndakanga ndichiri kusuwa mukoma wangu, asi ndakanga ndokwanisa kuzvitora nemamwe maonero. Paiva nezvakawanda zvikuru zvokuti ndidzidze kubva kuchiitiko ichi.

Ndinoziva kuti rudo nerunyararoro zvalshe zviripo. Tinongofanira chete kuzvitora.

Sarudza kuGadzikana

Mutungamiri Monson vanoti kana takagadzikana uye tine ruremekedzo, tinokwanisa kunzwa runyararo nokutambira uchapupu hwakasimba hwaBaba vedu Vokudenga. Uye Mweya Mutsvene unokwanisa

zvirinani kutikurudzira kunzira dzatinokwanisa kubatsira vamwe nadzo.

Nyora pasi kana kukurukura nevabereki vako imwe nzira yaungakwanisa kuva wakagadzikana. Zvino tora nguva vhiki ino kuzviedza. Mushure mekudaro, unokwanisa kunyora mujenari rako pamusoro pemanzwiro nekurudziro dzawakava nadzo.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Kusimbisa Nhengo Dzisisina Kusimba Muchechi

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Muporofita wedu, Mutungamiri S. Monson, vakatikurudzira kunanavira kuti tiponese avo vanoda rubatsiro rwedu uye tovasimudzira kunzira yepamusoro uye maitiro arinani. . . . Ibasa raIshe uye kana tiri pabasa raIshe, . . . tinekodzero yerubatsiro rwaIshe.”¹

Makore mazhinji akapfuura LaVene Call nemufambidzani wake wedzidziso yekushanyirana vakashanyira sisita akanga asisina kusimba muchechi. Vakagogodza pamukova uye vakawana amai wechidiki akapfeka nguwo inopfekwa munhu achienda kunogeza. Aitaridzika sokunge airwara, asi nenguva diki vakaona kuti dambudziko rake rakanga riri redoro. Vadzidzisi veku-shanyirana ava vakagara vakataura naamai wechidiki aitambudzika uyu:

Mushure mekunge vabva, vakati, “Mwana waMwari. Ibasu redu rokumubatsira.” Saka vakashanya kakawanda. Nguva yega yega, vakwanisa kuona nekunzwa shanduko yakanaka. Vakakumbira sisita uyu kuti auye kuzopinda Chita cheRubatsiro. Kunyangwe akanga asingadi, pokupedzisira akatanga kuuya nguva nenguva. Mushure mekukurudzirwa,

iyenemurume wake nemwanasikana wake vakaenda kuchechi. Murume wake akanzwa Mweya Mutsvene. Akati, “Ndiri kuzoita zvataurwa nabhishopi kuti ndiite.” Iye zvino vasimba muChechi uye vakasungandzwa mutemberi.”²

Kubva muMagwaro Matsvane

3 Nifai 18:32; Dzidziso and neZvibvumirano 84:106; 138:56

Kubva muNhorondo Yedu

Kubatsira avo vakatsauka kuti vadzoke kuvhangeri raJesu Kristu kwakagara kuri chikamu chokuva Mutendi weMazuva Ekupedzisira uye chokuva nhengo yeChita cheRubatsiro. Mutungamiri Brigham Young (1801–77) vakati, “Ngativei nemutsa pane mumwe nemumwe wedu. . . . Uye regai avo vanoona vatungamirire vakapofomara kusvikira vava kukwanisa kuzvionera nzira voga.”³

Eliza R. Snow, mutungamiri mukuru wechipiri weChita cheRubatsiro, nokutenda akataura kuedza nesimba kwamasisita muOgden, Utah, USA, pakusimbisana. “Ndinonyatsoziva kuti zvakanaka zvikuru zvinopuwa [maererano

nemushando] izvo zvisingambosviki ku [rekodhi] mabhuku,” vakadaro. Asi vachiziva kuti rekodhi rekude-nga rebasa remasisita rinochengetwa apo pavanonanavira kuna avo vane mwoyo yatonhora, vakati: “Mutungamiri Joseph Smith vakati chita ichi chakarongerwa kuponesa mweya. . . . Rimwe bhuku rinochengetwa rerutendo rwenyu, tsitsi dzenyu, mabasa nemashoko enyu akanaka. . . . Hapana chinorashika.”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “The Sacred Call of Service,” *Liahona*, Kubvumbi 2005, 55, 56.
2. Tsamba kuvatungamiri vakuru veChita cheRubatsiro kubva kumwanasikana waLaVene Call.
3. Brigham Young, mu*Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 107.
4. Eliza R. Snow, mu*Daughters in My Kingdom*, 83.

Chii Chandingaite?

1. Ndine ushingi here hweku-kumbira sisita asisina kusimba kuti auye kumusanganano we-Chita cheRubatsiro neni?

2. Masisita andinotaririra anonzwa kugadzikana here pakundibvunza mibvunzo pamusoro pevhangeri?